Eriyanto. 2002, *Analisis Framing: Konstruksi, Ideologidan Politik Media*. Yogyakarta: LKiS

Jhon, Little. 2009, "Encyclopedia of communication theory".SAGE Publications. Inc

Kriyantono, Rakhmat, 2006, *Teknik Praktis Riset Komunikasi: Disertai Contoh Praktis Riset Media,public Relation,Advertasing,Komunikasi Organisasi, Komunikasi Pemasaran*. Jakarta: kencana

Morrisan, 2013, *Teori Komunikasi Individu Hingga Massa*. Jakarta: Kencana Pernada Group

Pawito. 2007. *Penelitian Komunikasi Kualitatif*. Yogyakarta: LkiS

Turner, Bryan. 2010. *Sosiologi Agama*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Turner, Bryan. 1991. *Sosiologi Islam Suatu telaah analitis atas teas sosiologi weber*. Jakarta: Rajawali press

Jurnal

Bietram A. Scheufele, December, 2004, "*Framing-effects approach: A theoretical and methodological critique*", Vol. 29, Issue 4, ttp

Goffman E, 1986, "*Frame Analisis*", Maple Press: Pennsylvania

James N. Druckman, September, 2001, "*Political Behavior Vol. 23, No. 3*", Plenum Publishing Corporation.

Skripsi

Rifky Sofyadi.2014. "*analisis Framing Pemberitaan Terhambatnya Pembangunan Gedung Baru Balai Perpustakaan dan Arsip Daerah Istimewa Yogyakarta Dalam TribunJogja.com periode 24-27 february 2014*". FISHUM UIN Sunan Kalijaga Yogyakarta

Teguh Eko Sutrisno .2013. "*Analisis Framing Konflik Pemerintah Suriah VS Oposisi (Analisis Framing Robert N. Entman Dalam Rubrik 'Internasional' Surat Kabar Harian Republika , Oktober-Desember 2012)*". Fak. Dakwah dan Komunikasi UIN Sunan Kalijaga Yogyakarta

Zahrohtusti'anah .2011. "*Analisis Framing Tajuk Rencana Tentang Konflik Indonesia-Malaysia di Harian Republika Edisi Agustus 2010*" Universitas Islam Negeri Syarif Hidayatullah Jakarta

INTERNET

<http://www.djakalodang.co.id/profil-perusahaan/>
di akses pada 5/10/2015 pukul 10.52

<httpregional.kompas.com/read/2015/03/16/14510841Florence.Dituntut.Satu.Tahun.Masa.Percobaan>" (di akses pada 19,04,2015 pukul 12.57)

"<httpkkrjogja.com/read/228896sultan-maafkanlah-florence.kr>" (di akses pada 19,04,2015 pukul 12.57)

<http://www.jpnn.com/read/2015/01/25/283652/kpk-vs-polri> (di akses pada 4.36, 23 january 2016)

"<http://nasional.news.viva.co.id/news/read/591122-pdip--energi-terkuras-hanyauntuk-kpk-vs-polri>" (di akses pada 4.17, 23 january 2016)

“<http://tekno.kompas.com/read/2015/01/23/13513127/.SaveKPK.dan.KPK.vs.Polri.Mendunia>“ (diakses pada 4.26, 23 January 2016).

<http://jogja.tribunnews.com/2015/05/02/keluarga-keraton-kaget-mengetahui-isi-sabdaraja-sri-sultan-hb-x> (di akses pada sabtu 12 maret 2016 pukul 12.30).

<http://www.indonesia.traveldestinationsdestination33di-yogyakarta> (di akses pada 13:26 22/3/16)

forum.detik.com/apa-itu-nyadran-t202409.htm



LAMPIRAN

Gambar 1

Tulisan Lembar Agama Islam Djaka Lodang “Kewajiban Ngluruhake Tamu”

12 Djaka Lodang No. 42 ❖ 21/03/2015
Setu Wage, 30 Jumadilawal 1938 Ehe

Lembar Agama

Kewajiban Ngluruhake Tamu

Manungsa kang iman marang Allah Ta'ala sarta percaya marang dina kiamat, bakal percaya marang kewajiban ngluruhake tamu. Kangjeng Nabi Muhammad SAW ngendika: "Sing sapa wonge percaya marang Gusti Allah lan dina kiamat, supaya wong mau ngluruhake tamune," (Hadits Riwayat/HR Bukhari).

Dene tatakrama/adab ngluruhake (ngurmati) tamu kaya sing dituntunake agama miturut pasrawungan Islam, ing antarane yaiku:

1. Nalika atur uleman/undhangan, utamakna marang priyayi kang kagungan laku utama, lan ora suwalike, yaiku wong sing anggegampang laku piala (wong fajir). Kangjeng Nabi SAW ngendika "Aja sira kekancan, kajaba karo wong mukmin. Lan aja nganti wong (fajir) memangan pangananmu, kajaba wong kang takwa" (HR Abu Dawud & Tirmidzi).
2. Nalika atur uleman aja mung nengeneke golonganane wong sugih kewala. Kangjeng Nabi SAW ngendika "Saala-alane pasuguhan walimah (pesta), yaiku walimah sing wong sugih diundang lan sing wong mlarat ditinggal" (HR Bukhari & Muslim).
3. Ora atur uleman marang wong kang dimangerteni bakal rumangsa abot yen diaturi.
4. Priyayi sing kagungan dalem (shahibul bait, tuan rumah) prayoga/disunahake ngaturake 'sugeng rawuh' marang tamune. Saka Ibnu Abbas RA (radhiyallahu 'anhu), rikala utusan Abi Qais nyambangi Kangjeng Nabi SAW, Rasulullah SAW ngendika: "Sugeng rawuh marang para utusan kang teka kanthi tanpa rasa ina lan cuwa," (HR Bukhari).
5. Ngurmati tamu kanthi atur pasugatan semampune, nanging dikupiya sabecike. Allal manabda: "Ibrahim ng kulawargane kanthi ngg daging anak sapi sing lemu banjur nyuguhake panganan iku marang dheweke (tamune) sinambi pitakon/ manggakake "Apa sira ora mangan?" (Qur'an Surah Adz-Dzariyat: 26-27).
6. Atur pasugatan ora dimaksudake kanggo gagah-gagahan lan umuk-umukan, nanging pinangka nuladha marang Kangjeng Nabi Muhammad SAW dalah para Nabi kang sadurunge. Kayata Nabi Ibrahim AS ('alaih salam) sing dijuluki Abu Dhifan (Bapak Para Tamu), sabab panjenengane banget ngluruhake tamune.
7. Atur pasugatan diniyati kanggo paring kabungahan marang para sedulur sarta sanak-kadang (kaum muslim).
8. Ngutamakna marang tamu kang ana (lenggah) ing sisih tengen. Bab iku ditindakake menawa para tamu kasebut lenggah kanthi tertib.
9. Ngutamakna tamu kang luwih sepuh. Rasulullah SAW ngendika: "Sing sapa ora asih marang wong sing luwih cilik katimbang aku, sarta ora aweh pakormatan marang wong sing luwih sepuh katimbang aku, wong mau dudu golonganku". (HR Bukhari).
10. Nyaketake dhaharan marang tamune. Allah SWT manabda: "Sabanjure Ibrahim nyaketake pasuguhan kasebut marang dheweke/tamune". (QS.Adz-Dzariyat: 27).
11. Nyuguhake dhaharan kinanthi atur pangandikan kang ngresapeke, sarta ora ngangkat/nyingkirake pasugatan sadurunge para tamu purna anggone dhahar.
12. Nyuguhake pasugatan kanthi rasa bungah lan polatan sumeh, sarta ngrikatake anggone nyuguhake pasugatan. Jalaran bab iku uga dadi wujud ing pakormatan pehak tuan rumah marang tamune.
13. Natkala ana tamu nyipeng ing daleme, tatakramane yaiku: Ora sare sadurunge tamu sare, ora nggresula marang rawuhe tamu, nuduhake pasuryan sumringah rikala tamu rawuh, lan rumangsa kelangan rikala tamu kondur.
14. Bab wektu atur pasugatan marang tamu, Rasulullah SAW ngendika: "Nyuguh tamu iku telung dina lawase, dene ngluruhake tamu sedina sewengi. Ora kalal wong muslim kang manggon ing papane sedulure saengga gawe lara." Para sekabat nyuwun pirs "Dhuh Kanjeng Nabi, damel sakit punika maksudipun kados pundi?." Nabi SAW ngendika, "Yaiku lamun ana tamu kang manggon ing omahe sedulure, kamangka dheweke/sedulure ora duwe samubarang apa-apa kanggo nyuguh tamune".
15. Sing kagungan dalem (shahibul bait) nglumantarake tamu kang kondur tekan ngarep omah Sarta nyuwun pangapura marang sadhengah kalepyan lan kekurangan.



[Ki Ismadi]

Gambar 2

Tulisan Lembar Agama Islam Djaka Lodang "Al-Amin"

12 Djaka Lodang No. 40 ♦ 7/3/2015
Setu Kliwon, 16 Jumadilawal 1948 Ethe

Lembar Agama

AL-AMIN

Dening Makhfudh

Ana piwulang agung budaya Jawa sing unine: "Negara bisa tentrem lamun murah sandhang kalawan pangan, marga para kawula padha seneng nyambut karya, lan ana panguwasa kang darbe sipat berbudi bawaleksana". Saka piwulang kang wis kasebut mau nuduhake lamun sawijining negara larang sandhang kalawan pangan, mangka para kawula padha ora duwe pakaryan, andhadhekke negara ora bisa aman.

Negara sing ora aman lan larang sandhang kalawan pangan iku gambarake kahanane bangsa Arab sadurunge miyos Nabi Muhammad SAW. Karana daerahe lan musime, akeh pepeteng lan kerusakan sing kasandhang tanah lan bangsa Arab. Musim subtropika andadekke musim panas sing banget panase, musim adhem sing banget adheme, awan panas gemlanthang lan menawa wayah bengi adhem njejet. Saben taun mung udan kaping pindho tekane kaping telu. Mula kabeh tanah Arab awujud gunung watu sing atos, dataran arupa padhang pasir sing amba lan ora ana kali. Kebutuhan banyu dicukup-cukupke saka sumur-sumur sing jumlahe uga ora akeh.

Karana wewengkon kang mengkonon kuwi, mula bangsa Arab ora duweni sumber pangupajiwa, lan kawulane dadi melarat sing andadekke rusak budi pekertine. Bangsa Arab dadi bangsa sing keras kepala, angel diatur, kasar lan perang antarane suku siji lan suku liyane kanthi tujuan rebutan sumber pangupajiwa mula nganti tega mateni anak-anak wadone.

Gusti Allah paring gambaran karusakane bangsa Arab kalawan dhawuhe ana ing Al-quran surat Al-Anfal ayat 63: "Menawa sira nakahake kabeh raja brana sing ana bumi (kanggo ngubah watake bangsa Arab), Sira ora bakal bisa ngubah watake, nanging Gusti Allah sing bisa ngubah watake, dadekke nyawiji atine, karana Gusti Allah maha perkasa lan maha wicaksana"

Kepiye carane Gusti Allah angubah watake bangsa Arab, sahingga dadi nyawiji ing ati, tundhuk lan patuh ing pituduh uga marang punggawane? Gusti Allah paring dalan kanggo ngubah bangsa Arab kanthi ngutus Nabi Muhammad SAW saka kalangan kulawarga bangsa Arab dhewe. Gusti Allah dhawuh ana ing Al-quran surat Al-Jum'ah ayat 2: "Gusti Allah ngutus kanggo masarakat sing wuta aksara, setungggalipun Rasul saka anggota kalangane".

Rasulullah Muhammad SAW keturunan bangsawan Quraisy sing dhuwur derajate nanging miskin. Nabi Muhammad SAW wis ditilar seda ramane rikala 6 wulan ing guwa garbane ingkang ibu. 6 warsa saking miyosipun, ibunipun sowan wonten ing ngayunanipun Gusti Allah. Wonten yuswa 8 warsa, dipun tilar seda eyang kakungipun Abdul Mutholib. Yuswa 8 warsa ing panggulawentahipun ingkang paman (Abu Tholib), Tanpa kenal wegah lan susah Nabi wis dadi tukang angon wedhus ing padhang tandhus mung karana golek upah. Sawuse yuswa 10 warsa lan ngrasa wis luwih kuwat Nabi Muhammad nambah gawe kanthi dadi tukang nimba banyu sumur kanggo nambah hasil upahe. Rikala yuswa 12 warsa Nabi wis melu bantu dagang bapa pamane ana ing negara Syam.

Panguripan sing mangkono kuwi aweh tuladha menawa Nabi Muhammad SAW awit alit remen makarya. Gusti Allah dhawuh ana ing Al-quran surat An-Najm ayat 20-40: "Lan sajatine saben menungsa ora bakal entuk-entukan kejaba apa-apa sing wis diupayakake, lan kabeh upaya iku bakal dikatonake ing tembe burine".

Nabi nganthi ngendika: "Hai umat ingsun, Padha makaryaa sira kabah kalawan kekuwatane dhewe-dhewe, ingsun uga makarya"

Rikala yuswa 17 warsa, Nabi Muhammad SAW dadi jejaka sing ngrintis pakumpulan para mudha kanthi jeneng "HILFUL FUDHUL" (sumpah setya kanggo kautaman).

Para jejaka digladhi nunggang jaran, manah, lan nglangi, sahingga dadi para mudha sing sehat, kuwat lan trampil. Pakumpulan para mudha mau diarahke kanjeng Nabi kanggo ngalang-alangi peperangan antarane suku-suku, nulung anak-anak yatim, para jandha sing ora duwe sumber nafkah, lan nambani uwong-uwong sing lara sebab peperangan.

Rikala yuswa 25 warsa, Nabi Muhammad SAW dipercaya nglakokake usaha dagange Khodijah. Khodijah yaiku jandha sugih sing kasuwur ing kalangan Quraisy sing mulya budi pekertine. Karana sifat jujur, sreg, temen, tepasalira lan santun dagangan sing digawa payu kanthi laris. Kaluhurane budi lan kajujurane Nabi sing ora ana bandhinge, dadekake Khodijah kasengsem kepingin dadi pasangan uripe. Lamarane Khodijah katampa, wusanane panjenenganipun kekalih bangun keluwarga ingkang sakinah, mawaddah wa rahmah.

Rikala yuswa 30 warsa, Nabi ngranguri urusan dagangane. Panjenenganipun wiwit remen nglampahi khalwat utawa nenepi wonten dalem. Rikala yuswa 35 warsa, Guwa Hira ing Jabal Nur dados panggonan pilihanipun kangge nenepi. Upaya nenepi ingkang panjenenganipun lampahi minangka mergi kangge nambah kiyat batosipun lan nambah caket dhateng Gusti Allah panjenenganipun.

Sifat-sifat sing diduweni Nabi kang wis kaandharake mau nuduhake menawa Nabi Muhammad rikala enom-enomane kagungan sifat *Siddiq (Jujur), Amanah (dipercaya), Fathonah (Cerdas)* lan *Tabligh (nyampukake)*. Menawa nganggo istilah menejemen modern Kanjeng Nabi Muhammad kagungan sifat yaiku, *integritas, kapabilitas, akuntabilitas lan reguilitas*. Awit seka sepak terjange nalika enome mau Nabi Muhammad entuk gelar "Al-Amin" sing artine "uwong sing bisa dipercaya"

Gusti Allah dhawuh ana ing Al-quran surat An-An'am ayat 132: "Lan saben-saben uwong entuk derajat (aran utawa gelar) imbang karo apa-apa sing wis ditindakake". Sing seneng jupuk duwekne liyan diarani maling, sing seneng ilmu diarani ilmuwan, sing seneng derma diarani dermawan lan liya-liyane. Sira kabeh kepingin entuk aran apa?*

Gambar 3

Tulisan Lembar Agama Islam Djaka Lodang “Tata Krama Mertamu”

12 Djaka Lodang No. 44 ❖ 4/4/ 2015
Setu Pon, 14 Jumadilakir 1948 Ehe

Lembar Agama

Tata Krama Mertamu

Kaandharake Ki Ismadi

Sabanjure kaandharake bab tatakrama sing pantes katin-dakake tamu miturut tuntunan agama ing pasrawungan Islam. Yaiku kaya ing ngandhap iki:

1. Tamu prayoga ngleksanakake undhangan/uleman sing katampa, kanthi ngrawuhi selaras kalawan wektune, kajaba yen nandhang alangan (udzur). Kayata kuwatir marang saweneh bab kang tumanduk ing sarirane utawa agamane, lsp. Bab iku lelandhesan pangandikane Nabi SAW:
 - a) "Sing sapa diundang, tekaa" (HR Abu Dawud & Ahmad),
 - b) "Sing sapa ora ngleksanakake uleman, wong mau wis laku piala marang Allah Ta'ala lan Rasule" (HR Bukhari).
2. Tamu prayogane ora mbedak-bedakake marang sapa sing ngundang, becik sing ngaturi iku wong sugih utawa priyayi miskin. Rasulullah SAW ngendika: "Sing sapa ora asih marang wong sing luwih cilik, wong mau dudu golonganku". (HR Bukhari).
3. Mertamu prayoga kanthi diniyati minangka aweh pakurmatan marang sasamane wong muslim. "Kabeah amal iku gumantung marang niyate, jalaran pendhak wong gumantung marang niyate" (HR Bukhari & Muslim).
4. Tamu kersa mlebu omah sawise dimanggakake dening sing kagungan dalem. Sarta gegancangan kondur sawise dhahar, kajaba yen sing kagungan dalem ngersakake lenggah bebarengan. Allah SWT manabda: "He wong kang padha iman, aja sira mlebu omahe para nabi kajaba menawa (wis) dililani memangan kanthi tanpa nunggu wektu marang matenge pasuguhan. Nanging yen sira diundang, mlebu. Yen sira rampung mangan, metu, kanthi tanpa ndedawa wicara. Sabab kang mangkono mau bakal ngganggu marang Nabi. Mungguh Nabi isin kanggo akon sira metu, dene Allah Ta'ala ora isin nerangake bab kang bener" (QS. Al Ahzab: 53). Dadi dikupiya sing sabecike, tamu aja nganti ngebot-eboti marang tuan rumah.
5. Manawa tamu ing kahanan nindakake pasa, tetep disunahake ngrawuhi uleman. Sabab ngatonake kebangahan marang sesamane sedulur (muslim) iku kalebu perangane ibadah. Pasa ora memalangi wong kanggo nekani undhangan. Kangjeng Nabi SAW ngendika: "Yen ing antarane sira diulemi, tekaa. Yen dheweke pasa, dongakna. Yen ora pasa, mangana" (HR. Muslim).
6. Tamu bisa nyuwun pasarujukan marang priyayi sing kagungan dalem kanggo dhahar. Kajaba iku, prayoga ora nyenyawang marang panggonan mlebu-metune para wanita, sarta ora nulak marang papan sing wis kacawisake.
7. Tamu prayoga ora lirak-lirik marang sasama tamu kang uga lagi dhahar.
8. Tamu prayoga ngasta bebungah (hadhiah) kanggo sing kagungan dalem. Jalaran bab iku bisa ngukuhake rasa asih marang sasama wong muslim. Rasulullah SAW ngendika: "Aweha bebungah ing antarane sira, mesthi sira bakal nandhang rasa asih,". (HR. Bukhari).
9. Manawa mertamu bareng karo priyayi sing ora diulemi, becik tamu luwih dhisik njaluk palilah marang sing kagungan dalem. Hadits riwayat Ibnu Mas'ud RA: "Ana wong lanang saka kalangan Anshoran Abu Syuaib kang duwe anak tukang daging. Wong mau kandha "Gawekna dhaharan kaya biyasane yen aku ngundang wong lima bareng kalawan Kangjeng Nabi. Kangjeng Nabi ajak-ajak wong papat, lima karo Kangjeng Nabi pribadi. Nanging ana saweneh wong sing ndherek Kangjeng Nabi. Rasulullah SAW null ngendika marang Abu Syuaib: "Sira ngundang aku wong lima, nanging wong iki melu aku. Lamun sira rila, iya rilakna dheweke, nanging lamun ora, aku bakal ninggalake". Abu Syuaib matur: "Kula sampun ngrilakaken" (HR. Bukhari).
10. Tamu prayoga ndongakake marang sing kagungan dalem. Sawise ngresepi dhaharan kang sinugata, banjur dedonga (tegesi):
 - a) "Wong-wong kang pasa, wis buka ing sisihira. Wong-wong kang becik, wis ngrasakake suguhanira. Muga-muga malaekat dongakake marang sira kabeh," (HR Abu Daud, kabiji sahih dening Al Albani). Utawa
 - b) "Dhuh Gusti Allah paringana pangapuntan dhumateng kalepatanipun piyambakipun, saha kawelasana dalah kaberkahana rejeknipun" (HR Muslim).
11. Sawise rampung anggone maradhayoh, enggala tamu pamit kondur kanthi rasa lega, ngatonake marang budi pekerti kang luhur, sarta nyuwun pangapura marang sadhengah kalepyan lan kekurangan.*



PA'15

Gambar 4

Tulisan Lembar Agama Islam Djaka Lodang “Kautamane Sedhekah”

12 Djaka Lodang No. 46 ♦ 18/04/ 2015
Setu Paing, 28 Jumadilakhir 1948 Ehe

Lembar Agama

Kautamane Sedhekah

Andharane Ki Ismadi

Tembung *sedhekah* iku asal saka basa Arab yaiku *as-shidq*, sing tegese jujur. Dadi wong sing nindakake sedhekah ateges wis mbuktekake kejujurane sajroning ngamalake tuntunan agama. Priye olehe ora? Bandha iku mujudake perangan manungsa sing banget ditresnani lan didama-dama, nanging lha kok diwenehake wong liya. Kaya kang katur ing saweneh hadis: "Saka Abu Malik Al-Asy'ari, Nabi SAW ngendika: "Salat iku cahya, sedhekah mujudake bukti, dene sabar iku cahya kang panas, ewadene Al-Qur'an bisa dadi pembelamu utawa suwalike dadi penuntutmu" (HR Muslim).

Mula miturut ngendika dalem Kangjeng Nabi "Sedhekah iku minangka bukti (burhan)", Sebab mujudake bukti kejujurane manungsa marang kapitayane (imane). Mungguh manungsa kang nindakake sedhekah satemene iya mung bakal antuk kabecikan saka Gusti Allah Kang Maha Murah. Dadi sedhekah iku mujudake watak-wantune wong mukmin. Suwalike watak cethil, uthil, bakil, pelit, medhit, lan saanterone, iku satrepe karo sifate wong munafik.

Ing kitab suci Al-Qur'an, (a) Allah SWT manabda: "Sira ora bakal nampa kebecikan, ingga tumekane sira nindakake infak marang apa sing sira tresnani," (QS. Ali Imran: 92). (b) Allah SWT manabda: "Infakna sebagean (bandhamu) sing Dakparingake marang sira sadurunge sira tekan ing pati, nuli dheweke (sira) njaluk welas: "Dhuh Gusti Allah, saupami Paduka nyumenekaken pejah kawula sekedhap kemawon murih kawula saged nindakaken sedhekah, kawula badhe dados tiyang ingkang saleh," (QS. Al Munafiqun: 10).

Sedhekah Sing Utama

Sedhekah ngandhut sakehing kautaman sarta duweni tataran sing selaras kalawan kahanane wong kasebut nalika nindakake sedhekah. Saka bab iku, sedhekah bisa kabiji lan ngandhut rega kang utama yaiku lamun:

1. Sedhekah sing ditindakake kanthi sesidheman.
 - Allah SWT manabda: "Lamun sira ngatonake sedhekahmu, iku becik banget. Dene yen sira nyingidake lan sira wenehake marang wong-wong fakir (sedhekah kanthi sesidheman), iku luwih becik kanggomu" (QS Al-Baqarah: 271).
 - Saka Ibnu Mas'ud RA, Kangjeng Nabi ngendika: "Sedhekah kanthi sesidheman bakal nyirep dukane Gusti Allah" (shahih At-Targhib, nomer 888).
2. Sedhekah sing katindakake rikala manungsa sehat, kuwat, sarta duwe pangarep-arep urip lana (suwe).
- Nalika wong ing kahanan sehat, mudha, tur kasil nggayuh kasugihan pisan, umume banget tresna/eman marang bandha-donyane, sarta banjur mung nengenake kadonyan. Saengga kanggo sedhekah mbutuhake perjuwangan sing gedhe (kanggo meper hawa-nafsu). Mula wong sing sedhekah ing kahanan sehat lan kuwat, banget kaluwih mulya dibandinging sing dilakoni dening wong sing wis ora duwe pangarep-arep urip lana (marga sepuh, lara abot, lsp).
- Saka Abu Hurairah RA, saweneh pawongan nyuwun pirsa marang Kangjeng Nabi SAW: "Dhuh Kangjeng Nabi, sedhekah ingkang kados pundi ingkang sakelangkung ageng ganjaranipun?". Kangjeng Nabi SAW ngendika: "Sedhekah nalika sehat, seneng marang kadonyan, wedi mlarat, sarta nalika duwe gegayuhan dadi wong sugih. Aja kok-undur sedhekahira iku, satemah nyawanira wis tumeka ing gurungmu, banjur sira kandha, "Kanggo Si A semene, Si B semene, kamangka (bandha mau) satemene wis dadi duweke wong liya (wis diwarisake)". (HR Bukhari & Muslim).

3. Sedhekah sing katindakake sawise wong nindakake kuwajiban aweh nafkah kanggo keluarga.

- Saka Abu Hurairah RA, Kangjeng Nabi SAW ngendika: "Sabecik-becike sedhekah, yaiku bandha sing wis kasisa, saliyané jatah kanggo nafkah keluarga. (Nalika sedhekah) luwitana (luwih dhisik) saka kang wajib kok nafkahi" (HR Bukhari & Muslim).

[Ana candhake]



94.2 FM
Radio Persatuan
BANTUL

Jl. Jend. A. Yani 22 Bantul 55711

- Senin lan Selasa - jam 13.00 WIB
LARAS LANGGAM JAWA
- Rebo lan Kemis - jam 13.00 WIB
KERONCONG SIANG
- Sabtu - jam 13.00 WIB
BANYOLAN OBAT MUMET

Sugeng Midhangetaken



NON STOP
24
JAM
MENGUDARA

MBS 92.70 FM
Dhangdutnya JOGJA

interaktif
0274-376470
SMS 0274-376470
iklan
0274-376180

www.mbsfm.com

Gambar 5

Tulisan Lembar Agama Islam Djaka Lodang “Kautaman Sedhekah (2)”

12 Djaka Lodang No. 48 ✦ 2/05/2015
Setu Legi, 13 Rejeb 1948 Ethe

Lembar Agama

Kautaman Sedhekah (2)

4. Sedhekah ing kahanan kepepet (cumpen).

(a) Yaiku wong sing duweni bandha sethithik nanging gelem nindakake sedhekah kanthi temen/iklas. Kangjeng Nabi SAW ngendika: “sadirham bisa ngalahake satus ewu dirham”. Para sekabat nyuwun pirsia “Kados pundi kok saged makaten, Kangjeng Nabi?” Kangjeng Nabi SAW ngandharake “Ana wong duwe dhuwit rong dirham banjur disedhekahke sadirham, sauntara kuwi ana wong sing sugih bandha-bandhu nanging mung jimpit satus ewu dirham kanggo sedhekah,” (HR An-Nasa-I kabiji becik dening Al-Albani).

(b) Yaiku wong sing aweh nafkah kanggo keluarga sing dinyati kanggo ngibadah marang Allah SWT. Regane luwih gedhe katimbang disumbangake wong miskin.

- Kangjeng Nabi SAW ngendika, “Sing sapa wonge aweh nafkah marang kulawargane kanthi ngarep-arep ganjaran saka Gusti Allah, bijine padha karo sedhekah” (HR Bukhari & Muslim).

- Kangjeng Nabi SAW ngendika: “Ana dhuwit 4 dinar, sing sadinar sira wenehake wong miskin, sadinar sira sumbangake kanggo kamardikane batur tukon, sadinar maneh kanggo jihad fi sabilillah, lan sing sadinar maneh kanggo aweh nafkah kulawarga. Sing paling utama yaiku dhuwit sadinar sing sira nafkahake kanggo kulawargamu,” (HR Muslim).

5. Sedhekah marang sedulur (miskin).

Kangjeng Nabi SAW ngendika: “Sedhekah marang wong miskin regane (iya mirunggan) mung sedhekah, dene sedhekah kanggo kulawarga/sedulur regane ana loro, yaiku sedhekah lan nyambung silaturahmi,” (HR Ahmad, An-Nasa-I, Turmudsi, & Ibnu Majah).



Rasulullah SAW ngendika: “Obatana wong lara ing antaranira mawa sedhekah” (Shahih At-Targhib, nomer 744). Ibnu Syaqiq nyaritakake, ana saweneh wong takon marang Ibnu Mubarak gurune Imam Bukhari: “Aku duwe tatu ing dhengkul lawase pitung taun, wis nyoba daktambani kanthi manekacara, wis takon marang dhokter lan ora ana owah-owahan.” Ibnu Mubarak mrayogakake “Gaweana sumur ing dhaerah kang mbutuhake banyu, aku ngarep-arep bakal ngasilake sumber banyu lan bisa nyumpek getih kang metu,” Dheweke nindakake lan waras. (priksanana: Shahih At-Targhib).

- Abu Hurairah RA ngriwayatake, Kangjeng Nabi SAW ngendika: “Sedhekah ora bakal ngurangi bandhamu” (HR Muslim).

Wasana sumangga. Waallahua'lam.

[Ismaidi]

Hadis Liyane Kang Nyebutake Kautamane Sedhekah

Sawatawa hadis Nabi Muhammad SAW liyane kang uga nyebutake bab kautamane sedhekah, ing antarane yaiku kaya katur ing ngandhap iki:

- Saka 'Uqbah bin Amir RA, Kangjeng Nabi SAW ngendika: “Sedhekah bakal nyirep panase kubur wong kang nglakoni (sedhekah). Sabab satemene ing dina kiamat, wong mukmin bakal ngayom marang eyube sedhekahe,” (Silsilah As-Shahihah, no 3584).

Yazid perawi (juru crita) hadis mertakake: “Si Martsad pendhak-pendhak nglakoni dosa, ing dina iku nuli nindakake sedhekah nganggo apa kang diduweki, senadyan mung kanthi roti secuwil utawa bawang” (As-Silsilah As-Shahihah, no 872).

- Saka Al-Hassan bin Ali RA,



www.mbsfm.com

Gambar 6

Tulisan Lembar Agama Islam Djaka Lodang "Dhahar Berkah Uwuh Ganjaran"

12

Djaka Lodang No. 50 ✦ 16/05/2015
Setu Kliwon, 27 Rejeb 1948 Ehe

Lembar Agama

Dhahar Berkah, Uwuh Ganjaran

Dening Khairil Akbar

Dhahar minangka 'ritual' saben dinten ingkang dipunlampahi dening makhluk kalebet manungsa. Saben dinten manungsa limrah dhahar kaping tiga jumbuh kalihan 'nutrisi' ingkang dipunbetahaken.

Satemenipun dhahar menika hukumpun *mubah*, inggih punika boten pikantuk bendu dosa utawi ganjaran tumrap soksintena ingkang nglampahi, kejawi wonten perangan bab ingkang Allah Ta'ala boten ngeparengaken, inggih ing Al-Qur'an Surat Al-A'raf ayat 31; *Wakuluu wasyrabuu walaa tusrifuu, innahuu laa yuhibbulmusrifina, artosipun; "Mangan lan ngombeya lan aja leluwihan, satemene Allah ora nresnati manungsa kang leluwihan"*.

Kanthi dhahar saget nuwuhaken ganjaran lan barokah tumrap ingkang nglampahi menawi jumbuh kalihan tuntunan syariat. Namung bab menika kathah tiyang ingkang kesupen lan dereng mangertos satemah nilaraken tuntunan syariat kasebat. Supados 'rutinitas' dhahar utawi nedha pikantuk ganjaran lan kebaking berkah, antawisipun kedah:

1. Niyat dhahar kangge taqwa dhateng Gusti Allah SWT.

Perkawis ingkang mubah dipunhukumi kados dene niyatipun. Menawi niyatipun kangge tumuju taqwa dhateng Allah Ta'ala mangka Allah badhe paring ganjaran. Kadosta menawi kita nedha kanthi niyat supados greget lan kiyat anggenipun ngibadah dhumateng Allah temtu badhe pikantuk ganjaran kasaenan. Awit saking punika menawi kita gadhah niyat nedha namung kangge njejegaken balung geger supados saget ngibadah dhateng Allah mangka badhe tebih saking perkawis ingkang *mubadzir*.

2. Ndherek cara dhaharipun Rasulullah SAW

Tuladha tata cara dhaharipun Rasulullah antawisipun:



a. Dhahar kanthi cara lesehan. Annas bin Malik radhiyallahu 'anhu ngendika: "oraha rosullah dhahar ing meja dhahar lan ora uga ing papan kang mligi" (HR. Bukhori 5386).

b. Boten ngina dhaharan. Kadostene hadits saking Abu Hurairoh *radhiyallahu 'anhu*: "Rosulullah ora tau ngina dhedhaharan, menawa panjenengane seneng bakal didhahar lan menawa ora penjenengane ninggalake" (HR. Muslim 2064).

c. Lan tuladha sanesipun ingkang kapendhet saking hadist-hadist shohih, kadosta dhahar kanthi asta tengen, ngginakaken tigang nyari, boten sendhehan, mungkasi dhahar saderengipun tuwuk, lan sanesipun.

3. Dhahar dhedharan ingkang dipunhalalaken dening Allah.

Tegesipun boten namung halal nanging ugi uwal saking bab perkawis ingkang dipunharamaken lan perkawis *subhat* (dereng cetha hukumpun), sae punika dzatipun utawi ugi caranipun pikantuk dhaharan kala wau. Bab menika jumbuh kalihan ngendikanipun Gusti Allah *subhanahu wata'ala*; *Yaa ayyuhannaasu kuluu mimmaa fil ardi halaalan thoyyiban*, artosipun; "He

menungsa, manganna saka sing halal uga becik saka apa sing ana ing bumi" (QS. Al-Baqarah: 168). Syeit Abdul Adhim Al-Badawy ngendika wonten ing kitabipun *al-Wajiz fi Fiqhi Sunnah wa Kitabil 'Aziz* kaca 508; wondene ingkang dipunsebat *thoyib* (becik inggih punika dhedhaharan halal ingkang boten kalebet reget lan jijik.

4. Miwiti dhahar kanthi maos Basmalah.

Maos basmalah utawi kanthi lafadz bismillah kejawi saget nuwuhaken berkah dhateng dhedhaharan ugi saget minangka kangge daya tolak cawe-cawenipun sayaitan ing 'aktifitas' dhahar kita. Nabi *shalallahu 'alaihi wasallam* ngendika; "Yen pawongan mlebu ing omah banjur nyebut asma Allah nalika mlebu lan nalika manggan, mangka sayaitan ngomong; ora ana

Kasambung kaca 49

NON STOP
24
JAM
MEGUDARA

MBS 92.70 FM

Dhaharhaturaya JOGJA

Interaktif
0274-372100
Inlan
0274-372100

www.mbsfm.com

Gambar 7

Tulisan Lembar Agama Islam Djaka Lodang "Istighfar"

12 Djaka Lodang No. 52-53/05/2015
Setu Wage, 12 Ruwah Eha 1948

Lembar Agama

Istighfar

Istighfar tegese sambat marang Gusti Allah, kanthi pangarep-arep murih Gusti Allah kersa paring pangapura marang sakehing dosa lan kaluputan kang dilakoni dening pribadining awak kita (manungsa). Geneya manungsa kudu nindakake istighfar? Sabab minangka titah salumrah, manungsa mono mesthi ora bisa uwal saka dosa lan kaluputan. Dene salahsijine cara kanggo nutup lan mbengkas kaluputan yaiku kanthi nyuwun pangapura marang Gusti Allah.

Kacarita, rikala Kangjeng Nabi Muhammad SAW nembe lenggah ing jero mesjid sapejagong kalawan para sekabat, dumadakan ana wong papat kang teka kanthi nggawa perkara dhewe-dhewe. Wong kepisan matur marang Kangjeng Nabi jalaran ing wengkone wis suwe ora ana udan, Kangjeng Nabi ngendika "istighfar". Wong sing kepindho matur yen wis suwe omah-omah nanging durung duwe keturunan, Kangjeng Nabi ngendika "istighfar". Wong ketelu nggresula amarga uripe tansah nandhang ribet, Kangjeng Nabi ngendika "istighfar". Dene wong nomer papat sambat yen tanduran kebone ora subur, Kangjeng Nabi uga ngendika "istighfar".

Krungu jawabane Kangjeng Nabi para sekabat padha gumun, Abu Hurairah nyuwun pirsa: "Dhuh Kangjeng Nabi kenging menapa jampinipun namung setunggal?". Kangjeng Nabi SAW ngendika: "Coba semaken surat **Nuh ayat 10-12**: "Nyuwuna pangapura (istighfar) marang Gusti Allah, satemene Panjenengane (Allah) Kang Maha Paring Pangapura, mesthi Panjenengane (Allah) bakal paring udan deres, ngakehake bandha, ngakehi anak-anakmu, sarta kanggo sira kebon lan uga kali-kali." (**Hadist Riwayat/HR. Ahmad & Abu Daud**)

Istighfar mujudake kebutuhan
Istighfar iku ora mung sawijining kewajiban, nanging uga mujudake kebutuhanane manungsa sajroning nglakoni ruwet-rentenging urip. Sabab, kajaba pinangka cara kanggo nyuwun pangapura marang Gusti Allah, kanthi istighfar manungsa bisa nutup kesalahan lan ngresiki rereged batiniah kang tumempel ing pribadi kita. Ing pangajab mugi Gusti Allah kersa ndandani urip kita sarta kersa ngukuhake akidah kita.

Kangjeng Nabi SAW uga nindakake istighfar minangka paring patuladhan kang becik kanggo umat Islam, paling ora sedina kaping 70. Ing kalodhangan liya nindakake istighfar engga kaping 100 sedina. Kangjeng Nabi Muhammad SAW ngendika: Allah Ta'ala manabda: "He para kawulaKu satemene sira gawe kesalahan ing wektu rina kalawan ratri, lan Ingsun (Allah) bakal paring pangapura kabeh dosanira, mula nyuwuna pangapura marang Ingsun, mesthi Ingsun bakal aweh pangapura." (**HR. Muslim**).

Sawatara alesan geneya manungsa kudu nindakake istighfar, ing antarane yaiku: (1) Supaya antuk rahmat dalem Allah Ta'ala, (2) Murih gampang antuk kebecikan, sabab dosane manungsa pendhak dina saya tambah akeh, temah hidayah angel lumebu, mula mbutuhake istighfar, (3) Jiwaning manungsa wis kabotan dening dosa, mula tindakna istighfar, (4) Manungsa duweni warna-warna kebutuhan, kamangka kita sekeng/fakir, dene Allah Maha Sugih. Mula nindakake istighfar kang bakal mbuwang marang kafikiran.

Janjine Gusti Allah
Sawatara Janjine Gusti Allah marang wong sing nindakake istighfar, yaiku:

1. Gusti Allah tresna marang wong sing nindakake istighfar. Allah Ta'ala manabda: "Satemene Allah tresna marang kawula kang tobat (istighfar) uga tresna marang wong kang ngresiki awake," (**QS. Al-Baqarah: 222**).
2. Gusti Allah paring pangapura: "Sing sapa tumindak nistha lan mulasara awake dhewe, banjur nyuwun pangapura marang Allah, mesthi dheweke dparingi dening Allah Kang Maha Paring Pangapura lan Maha Asih," (**QS. An-Nisa':110**).
3. Gusti Allah paring rahmat. Allah Ta'ala manabda: "Nyuwuna pangapura marang Allah supaya sira tampa rahmat ing Pangeran," (**QS. An-Naml: 46**).
4. Bebas saka siksane Gusti Allah: "Lan Allah sapisan bae ora bakal nyiksa dheweke, dene sira (Muhammad) manggon ing antarane dheweke. Lan Allah (uga) ora bakal nyiksa dheweke, kamangka dheweke nyuwun pangapura," (**QS. Al-Anfal: 33**).

Janjine Kangjeng Nabi
Dene sawatara janjine Kangjeng Nabi Muhammad SAW marang wong sing kersa nindakake istighfar, ing antarane yaiku:

1. Kangjeng Nabi Muhammad SAW ngendika: "Satemene Allah rena kanthi tobate (pangapurane) kawulane, tinimbang karo bungage wong kang wis nemokake ontane sing ilang ing segara wedhi," (**HR. Bukhari & Muslim**).
2. Kangjeng Nabi Muhammad SAW ngendika: "Sing sapa tansah istighfar, Allah bakal paring kabungahan ing pendhak nandhang kesusahane, paring kateangan ing pendhak nandhang kesumpegan, lan paring rejeki saka arah kang ora kanyana-nyana," (**HR. Abu Daud, Ibnu Majah & Ahmad**).
3. Kangjeng Nabi Muhammad SAW ngendika: "Satemene Allah nurunake rong karaharjan kanggo kawulane. Allah sepisan bae ora bakal nyiksa dheweke, kamangka sira ana ing antarane dheweke. Lan Allah ora bakal nyiksa dheweke kamangka dheweke nyuwun pangapura. Dene aku (Nabi SAW) marisake kanggomu istighfar nganti dina kiamat." (**HR. Tirmidzi**).
4. Kangjeng Nabi Muhammad SAW ngendika: Allah Ta'ala manabda, "He anak Adam, senajan dosamu ngranjuk tekan sadhuwure langit, banjur sira nindakake istighfar, nyuwun pangapura marang Ingsun (Allah), mesthi Dak-apura. Lan Ingsun (Allah) ora perdu-li." (**HR. Tirmidzi & Ahmad**).
5. Kangjeng Nabi Muhammad SAW ngendika: "Ora ana siji bae kawula kang tumindak dosa, banjur ngadeg saperlu njupuk banyu wudhu, nuli nindakake salat sarta istighfar kanggo nyuwun pangapura marang Allah Ta'ala, (ora ana liya) kajaba Allah Ta'ala bakal paring pangapura".
6. Kangjeng Nabi SAW maos surat Ali Imran 135 (werdine): "Sarta (uga) para wong kang menawa nglakoni tumindak nistha utawa nganiaya marang awake, dheweke eling marang Allah Ta'ala, banjur nyuwun pangapura marang dosa-dosane. Lan sapa maneh kang bisa paring pangapura kajaba Gusti Allah? Lan dheweke ora nerusake tumindak nistane iku, kamangka dheweke mangerti," (**HR. Tarmidzi lan Abu Daud**).

[Ki Ismadi]

Gambar 8

Kasus KPK vs Polri 1



Sumber : <http://kompas.com>

Gambar 9

Kasus KPK vs Polri 2



Sumber: <http://japnn.com>

Gambar 10
KPK vs Polri 3



Sumber: <http://viva.co.id>

Gambar 11
Berita Florence 1



Sumber: <http://Kompas.com>

Gambar 12

Kasus Florence 2



Sumber: <http://krjogja.com>

Gambar 13

Kasus Florence 3



Sumber: <http://republika.co.id>

Gambar 14

Kasus kraton 1

luarga-keraton-kaget-mengetahui-isi-sabdaraja-sri-sultan-hb-x?page=2

be Flash" from running on jogja.tribunnews.com.

Tribun Jogja Sabtu, 12 Maret 2016 Cari

Home News DIY Top News Jawa Ekbis Super Ball Sport Seleb Hotline Puti

Raja Keraton Ngayogyakarta Hadiningrat, Sri Sultan Hamengkubuwono X di Bangsal Mahkota, Jumat (9/3/2016) menjelaskan sabdaraja.

"Kata beliau, Keris Kanjeng Kyai Ageng Kopek dengan Kanjeng Kyai Ageng Joko Piturun telah meminabobokkan Keraton Yogya selama ini," ujarnya menirukan ucapan Sultan.

Namun dirinya belum bersedia menjelaskan secara lebih lengkap mengenai makna isi Sabdaraja sesuai penjelasan Sultan. Menurutnya, banyak poin yang dinilai akan memperkeruh suasana.

Saat ditanya mengenai sikap keluarga, salah satu Dewan Keluarga ini mengatakan, dalam waktu dekat akan ada musyawarah mengenai hal ini. Terlebih, ada perubahan paugeran yang sudah ada sejak Hamengku Buwono I.

"Beliau bersbda kan pribadi, nanti dewan keluarga akan bersikap. Tapi kalau beliau enggak peduli keluarga ya enggak tahu. Lha paugeran saja diterjang kok," katanya.


Sementara itu, GBPH Prabukusumo saat dimintai tanggapan mengenai alasan ketidakhadirannya dalam prosesi tersebut,

a so that we can improve your experience.

Sumber: <http://tribunnews.com>

Gambar 15


Kasus kraton 2



Sumber: <http://tribunnews.com>


Gambar 16

Kebudayaan Yogyakarta



www.indonesia.travel

Gambar 17 Arti dari Nyadran



The screenshot shows a forum post on detik.com with the title "apa itu Nyadran?". The post discusses the meaning and significance of Nyadran, a traditional Javanese ritual. It mentions that Nyadran is a form of social expression and a way to address social issues in a community. It also notes that Nyadran is a form of social expression and a way to address social issues in a community. The post is written in Indonesian and includes several paragraphs of text.

yang hadir mencicipi makanan yang digelar

Pada saat itu ada yang tukar-menukar kue, ada yang asyik ngobrol dengan kanan-kiri, maklum beberapa warga pulang dari perantauan hadir dalam kenduri. Biasanya Mbah Kaum diberi uang wajib dan makanan seukupnya, sedangkan yang tak hadir atau si miskin diberi gandum, nasi, kue yang dikemas khusus kemudian diantar ke rumah yang sudah disepakati diberi gandum.

Dari tata cara tersebut, jelas nyadran tidak sekadar ziarah ke makam leluhur, tetapi juga ada nilai-nilai sosial budaya, seperti budaya gotongroyong, guyub, pengorbanan, ekonomi. Bahkan, sesuai nyadran ada warga yang mengajak saudara di desa ikut merantau dan bekerja di kota-kota besar.

Di sini ada hubungan kekerabatan, kebersamaan, kasih sayang di antara warga atau anggota trah. Di samping itu, semakin jelas adanya nilai transformasi budaya dan tradisi dari yang tua kepada yang muda.

Mengenai pola keberagaman yang ada di Jawa, C Geertz (1981) melalui penelitiannya di Mojokerto menghasilkan sebuah konsep keberagaman masyarakat yang bersifat abangan, santri, dan priyayi. Ketiganya merupakan akumulasi dari hasil akulturasi budaya lokal masyarakat, Hindu-Budha dengan nilai-nilai Islam. Pola interaksi antara budaya lokal dan nilai Islam menjadikan Islam warna-warni.

Nyadran merupakan ekspresi dan ungkapan kesalahs sosial masyarakat di mana rasa gotong-royong, solidaritas, dan kebersamaan menjadi pola utama dari tradisi ini. Ungkapan ini pada akhirnya akan menghasilkan sebuah tata hubungan vertikal-horizotal yang lebih intim. Dalam konteks ini, maka nyadran akan dapat meningkatkan pola hubungan dengan Tuhan dan masyarakat (sosial), sehingga akhirnya akan meningkatkan pengembangan kebudayaan dan tradisi yang sudah berkembang menjadi lebih lestari.

Dalam konteks sosial dan budaya, nyadran dapat dijadikan sebagai wahana dan medium perekat sosial, sarana membangun jati diri bangsa, rasa kebangsaan dan nasionalisme (Gatot Marsono). Dalam prosesi ritual atau tradisi nyadran kita akan berkumpul bersama tanpa ada sekat-sekat dalam kelas sosial dan status sosial, tanpa ada perbedaan agama dan keyakinan, golongan ataupun partai.

Nyadran menjadi ajang untuk berbau dengan masyarakat, saling mengasih, saling menyayangi satu sama lain. Nuansa kedamaian, humanitas dan familiar sangat terasa. Apabila nyadran ditingkatkan kualitas jalinan sosialnya, rasanya Indonesia ini menjadi benar-benar rukun, ayom-ayem, dan tenteram.

Nyadran dalam konteks Indonesia saat ini telah menjelma sebagai refleksi, wisata rohani kelompok masyarakat di tengah kesibukan sehari-hari. Masyarakat, yang disibukkan dengan aktivitas kerja yang banyak menyedot tenaga sekaligus (terkadang) sampai mengabaikan religiusitas, melalui nyadran, seakan tersentak kesadaran hati nuraninya untuk kembali bersentuhan dan berbangirama dengan nilai-nilai agama: Tuhan.

meaki begitu masih banyak yang menggeser makna dari nyadran yang sesungguhnya ... so buat saudara2ku muslim... berziarah dianjurkan dalam islam karena membuat kita teringat bahwa kita adalah calon ahli kubur,saat kita juga pasti akan meninggal... berziarahlah untuk memintakan bekal apa yang akan anda bawa ketika menghadap sang Pencipta ... ziarah bukan sarana sebagai meminta bekal kepada leluhur,meminta perlindungan leluhur dsb...orang yang sudah mati adalah milik Pencipta dan tidak bisa

forum.detik.com/apa-itu-nyadran-t202409.htm

CURICULUM VITAE

RIZWI FARIKI PERDANA PUTRA

Sempu, Wedomartani, Ngemplak, Sleman, Yogyakarta.

BM: 5D4E3F74

Email: rizwifariki@gmail.com

DATA PRIBADI

Nama Lengkap : Rizwi Fariki Perdana Putra
Asal : Sempu, Wedomartani, Ngemplak, Sleman, Yogyakarta.
Tempat Tanggal Lahir : Sleman, 19 Maret 1993

PENDIDIKAN

2011-2016 : Ilmu Komunikasi UIN Sunan Kalijaga, (Public Relation)
2008-2011 : SMA N 1 DEPOK YOGYAKARTA
2005-2008 : SMP N 3 DEPOK YOGYAKARTA
2000-2005 : SD N SEMPU YOGYAKARTA

PENGALAMAN ORGANISASI

2011-2016 : Ketua Amanogawa (Japanese and Korean Community)
2012-2015 : Humas Club Airsoft A.S.A.P Yogyakarta